

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN

Satuan Pendidikan : SMA N 1 Juwana
 Kelas/semester : X / Gasal
 Tema : Cerkak
 Subtema : Cita Cekak Bahasa Jawa
 Pembelajaran ke- : 1
 Alokasi waktu : 10 menit

A. Kompetensi Inti (KI)

KI 3 Memahami, menerapkan, menganalisis pengetahuan faktual, konseptual, prosedural dan metakognitif berda- sarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya, dan humaniora dengan wawasan kemanusiaan, kebangsaan, kenegaraan, dan peradaban terkait penyebab fenomena dan kejadian, serta menerapkan pengetahuan prosedural pada bidang kajian yang spesifik sesuai dengan bakat dan minatnya untuk memecahkan masalah.

KI 4 Mengolah, menalar, menyaji dalam ranah konkret dan ranah abstrak terkait dengan pengembangan dari yang dipelajarinya di sekolah secara mandiri, bertindak secara efektif dan kreatif, serta dan mampu menggunakan metoda sesuai kaidah keilmuan.

B. Kompetensi Dasar

KD 3.2 Menelaah teks cerita cekak.

KD 4.2 Menulis dan menyajikan sinopsis teks cerita cekak yang dibacanya

C. Tujuan Pembelajaran

KD 3.2 Setelah proses pembelajaran dengan metode diskusi dan menggali informasi, peserta didik diharapkan dapat menganalisis unsur pembangun cerkak dan mengklasifikasikan latar belakang dalam cerita cekak dengan cermat.

KD 4.2 Setelah proses pembelajaran dengan dengan metode diskusi dan menggali informasi, peserta didik diharapkan dapat menulis sinopsis cerita cekak, dan menyajikan sinopsis cerita cekak baik lisan maupun tulisan dengan tanggung jawab.

D. Indikator Hasil Pembelajaran

KD 3.2 Siswa mampu : menganalisis unsur pembangun cerkak dan mengklasifikasikan latar belakang dalam cerita cekak dengan cermat.

KD 4.2 Siswa mampu : menulis sinopsis cerita cekak, dan menyajikan sinopsis cerita cekak baik lisan maupun tulisan dengan tanggung jawab.

E. Materi Ajar

1. **Fakta :** Teks cerita cekak
2. **Konsep :** Pangertene cerita cerkak
3. **Prinsip :** Unsur cerita cerkak
4. **Prosedur :** Cara nulis lan tuladhacita cerkak

F. Metode / Strategi / Aktivitas Pembelajaran

- Metode : Diskusi, praktek, penugasan
- Strategi Pembelajaran : Project Based Learning

PENDAHULUAN (2 MENIT)		➤ <i>Orientasi:</i> Melakukan pembukaan dengan salam pembuka dan berdoa untuk memulai pembelajaran, memeriksa kehadiran peserta didik, menyiapkan fisik dan psikis peserta didik dalam mengawali kegiatan pembelajaran.	40 detik
		➤ <i>Apersepsi:</i> Mengaitkan materi pembelajaran yang akan dilakukan dengan pengalaman peserta didik terhadap materi sebelumnya, mengajukan pertanyaan yang ada keterkaitannya dengan pelajaran yang akan dilakukan.	40 detik
		➤ <i>Motivasi:</i> Memberikan gambaran tentang manfaat mempelajari materi teks cerkak dalam kehidupan sehari- hari, menyampaikan tujuan pembelajaran dan metode/model pembelajarannya.	40 detik
KEGIATAN INTI (6 MENIT)	Kegiatan Literasi	Disajikan naskah cerkak kepada peserta didik sehingga terjadi pendekatan saintifik (mengamati, menanya, mengumpulkan informasi/ eksperimen, mengasosiasikan mengolah informasi, mengomunikasikan)	4 menit
	Critical Thinking	Guru memberikan kesempatan pada peserta didik untuk berdiskusi dan melakukan tanya jawab tentang kaidah cerita cekak. Peserta didik bertanya, memberikan pendapat, menyimpulkan, mengevaluasi dan mengkomunikasikan hasil diskusi kelompoknya.	30 detik

	Collaboration	Peserta didik dibentuk dalam beberapa kelompok untuk mendiskusikan, mengumpulkan informasi, mempresentasikan ulang, dan saling bertukar informasi mengenai isi serta dasar penulisan teks cerkak Bahasa Jawa.	30 detik
	Communication	Peserta didik mempresentasikan hasil kerja kelompok atau individu secara klasikal, mengemukakan pendapat atas presentasi yang dilakukan kemudian ditanggapi kembali oleh kelompok atau individu yang mempresentasikan.	1 menit
	Creativity	Guru menyampaikan beberapa pertanyaan pemacu kepada siswa berkaitan dengan teks cerkak berbahasa Jawa. Peserta didik kemudian diberi kesempatan untuk menanyakan kembali hal-hal yang belum dipahami.	1 menit
PENUTUP (1 MENIT)		➤ Peserta didik: menentukan unsur pembangun yang terdapat dalam cerkak .	20 detik
		➤ Guru: memeriksa pekerjaan peserta didik yang sudah selesai/kelompok yang kinerjanya baik dan diberi paraf serta diberi apresiasi/nilai.	20 detik
		➤ Guru menyampaikan penugasan dan rencana pembelajaran pada pertemuan berikutnya dan mengakhiri pembelajaran dengan berdoa.	20 detik

G. Penilaian Hasil

- Teknik : Tes Lisan, Produk, dan Kinerja
- Bentuk : Penugasan menulis dan membaca cerita cekak
- Instrumen : Tes dan Nontes

H. Media dan Sumber Belajar

Media : Player VCD, CD/VCD, power point

Alat : LCD, Laptop, Teks Cerita Cekak

Sumber Belajar :

1. Widaryatmo, Gandung dkk. 2013. *Prigel Basa Jawa Jilid 1*. Jakarta: Erlangga
2. Sasangka, Sry Satriya TW. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Paramalingua
3. Darminto, dkk. 2010. *Kamus Besar Bausastra Jawa*. Jakarta: Kharisma
4. Sudiyatmana, Dr.HC dkk. 2012. *Kabeh Bisa Basa Jawa*. Jakarta: Yudhistira
5. H.G, Irawan. 2005. *Kulina Basa Jawa*. Klaten: Intan Pariwara
6. LKS Gegladhan Basa Jawa, MGMP

Mengetahui,
Kepala SMA Negeri 1 Juwana

Juwana,
Guru Mata Pelajaran

Suhartono, S.Pd., M.Pd., M.Si.
NIP. 19630910 198703 1 009

Sudewi, S.Pd.
NIP.

LAMPIRAN – LAMPIRAN

Soal tes lisan

1. Apa kang kok ngretni babagan crita cekak?
2. Sebutna unsur-unsur crita cekak?
3. Aweha panemu tumrap andharan wos surasane *crita cekak* kang dijlentrehake dening kancamu!

No	Nama Siswa	Kinerja Presentasi			Jumlah Skor	Nilai
		kelancaran	Kebahasaan	sistematis		
1						
2						
3						
4						
5						

Keterangan pengisian skor

4. Sangat tinggi
3. Tinggi
2. Cukup tinggi
1. Kurang

Soal tes tertulis

4. Tulisen banjur critakna crita cekak kasebut ing ngarep klas!

No	Nama	Cethaning pangucap (10-20)	Swara (10-20)	Ekspresi (10-25)	Penjiwaan (1-5)
1					
2					
3					
4					
5					

Ket :

- 1 : tidak baik : < 60
- 2 : cukup baik : 61 – 70
- 3 : baik : 71 – 80
- 4 : sangat baik : 81 – 100

Kunci soal

1. Crita cekak, uga dumadi saka urutan sawijining kedadayan utawa prastawa, kang nyata utawa fiktif. Kang mbedakake karo crita liyane, cerkak iku dicritakake sepisan rampung, lan wis isa nuduhake karampungane crita. Mula ing padatan cerkak mung tinulis kanthi cekak lan prasaja. Surasane crita uga mung prasaja, ora mbutuhake cara ngrampungake kang kanthi jlimet.
2. Unsur-unsur pembangun cerkak (tema, latar/*setting*, penokohan, alur, pesen, punjering crita/sudut pandang, lan konflik), wos surasane crita, lan gawe ringkesan.
3. Kawicaksanan
4. Kawicaksanan

Pangertene crita cekak

Crita iku dumadi adhedhasar saka urutan sawijining kedadayan utawa prastawa. Sajroning kedadayan iku, ana tokoh (pirang-pirang tokoh) lan tokoh iku nglakoni sawijine utawa rerangkening konflik utawa cecongkran. Kedadayan, tokoh, lan konflik iku sawijining unsur pokok crita, lan katelune kanthi nyawiji diarani plot utawa alur. Kanthi mangkono crita iku kudu duwe alur.

Semono uga crita cekak, uga dumadi saka urutan sawijining kedadayan utawa prastawa, kang nyata utawa fiktif. Kang mbedakake karo crita liyane, cerkak iku dicritakake sepisan rampung, lan wis isa nuduhake

karampungane crita. Mula ing padatan cerkak mung tinulis kanthi cekak lan prasaja. Surasane crita uga mung prasaja, ora mbutuhake cara ngrampungake kang kanthi jlimet.

Unsur crita cekak

Unsur-unsur pembangun cerkak (tema, latar/*setting*, penokohan, alur, pesen, punjering crita/sudut pandang, lan konflik), wos surasane crita, lan gawe ringkesan.

Tuladha crita cekak

Testing Basa Jawa

“Bocah-bocah, aja lali sinau ya. Suk Senen wis wiwit testing. Bu Guru ndongakke muga-muga kowe kabeh bisa nggarap ujian lan antuk biji apik”. Mangkono pratelane Bu Guru sadurunge mungkasi jam pelajaran awan kuwi.

Dina Setu kuwi, murid-murid SMA ing pinggiran Kutha pancen isih ana pelajaran. Jam pelajarane diisi kegiatan nggarap soal bareng-bareng. Bubar latiyen soal, Bu Guru ora lali ngandhani murid-murid lan mbombong atine supaya wayah testing sesuk padha semangat sinau lan wusanane bisa antuk biji sing apik kabeh.

Nalika Bu Guru ngandhani rena-rena kaya ngono kuwi, Lilik ya krungu dhewe. Nanging dhasare Lilik kuwi bocahe rada bandhel, dadine apa sing dingendikakake Bu Guru bebaskan mlebu kuping kiwa metu kuping tengen.

Budi, kanca sakbangkune, sajane ya ora kendhat anggane ngandhani kanca kenthele kuwi. Nanging dhasare Lilik iku bocah mbrengkele, dadi dikandhani bab sing becik malah semune dipaido.

Apa maneh sinau. Mbukak buku wae rasane aras-arasen. Nalika ana wulangan, kadhang kala malah gawe kepekan barang. Begjane wae Bu Guru ora pirsane. Mula kuwi, sanajan ora tau sinau nanging bijine Lilik ya ora tau elek. Sanajan ora tau antuk biji 10, paling ora bijine sadhuwure 6.

Dina Minggu, kabeh kancane Lilik padha sinau ing omah. Kabeh padha mbukak buku pelajarane sing kanggo bahan testing sesuk. Amung Lilik wae sing beda, wegah sinau, malah milih dolanan playstation (PS) ing rental PS ing prapatan. Udakara rong jam anggane dolanan PS, Lilik banjur mulih.

Nalika njupuk sepeda montor sing diparkir ing ngarep rental PS, Lilik disapa dening Asih, kanca sekolahe. Wektu kuwi Asih lagi mulih saka blanja bumbon ing warung prapatan.

“Lho kok malah dolanan PS Lik. Ora sinau ta? Sesuk lak testing ta?” pitakone Asih.

“Lha kowe dhewe ya ora sinau ngono kok, ndadak ngakon-akon sinau kancane,” wangsulane Lilik rada nylekit ing kuping.

“Aku wis sinau Lik. Iki aku lagi diutus ibuku tumbas lombok karo brambang nggone Yu Katmi,” ujare Asih kanthi sabar.

“Apa yen tuku lombok karo brambang banjur dadi pinter? Bisa nambah bijimu sesuk?” Antok tambah nylekit amarga ora kasil mancing muntabe Asih kanthi ukarane sing dhisik mau. Pancen dhasare Asih kuwi bocah wadon sing sabar lan bisa mangerteni wataking liyan. Dadi nalika carane omong Lilik ngono kuwi, blas siji-sijia ora dilebokke ati.

“Ya ora ngreti. Sing baku bisa nambah katresnane ibuku marang aku. Sapa ngreti kanthi tambah tresnane, ibu banjur ndonga akeh kanggo aku supaya aku bisa nggarap soal testing kanthi gampang,” ujare Asih.

“Ya wis sakomong-omongmu Sih. Hla terus sing mbok sinau apa?”

“Sesuk lak testinge Basa Jawa. Ya buku pelajaran basa Jawane awake dhewe kuwi dak bukak lan dak waca sakabehe. Wong jarene Bu Guru, bahan testinge ya akeh sing dijupukke saka buku kuwi”.

“Hmmm...ya wis. Neknu dak mulih sik. Aku arep sinau”.

“Nha..ngono kuwi bocah pinter. Sesuk testing, ora kanggo dolanan, nanging kango sinau”.

“Iya..iya”.

Sapungkure saka papan iku, Lilik banjur nuju kamare. Lilik coba mbukak buku Basa Jawane sing isih katon rapi. Ya memper, jalaran ora tau dibukak. Upamane dibukak, paling suwe amung sakmenit. Bubar kuwi langsung diselehke. Alesane sinau basa Jawa kuwi angel lan ruwet.

“Aaaah.....Piye iki. Buku kok isine kaya ngene,” Lilik nggresah sinambi nguncalke bukune menyang ndhuwur amben. Dheweke kepikiran arep gawe kepekan, nanging malah bingung dhewe.

Nalika arep ngeluk geger ing amben, Lilik dumadakan kelingan omongane Asih mau. Soal testing Basa Jawa akeh sing dijupukke saka buku kuwi. Gage-gage buku sing wis diuncalke mau diranggeh maneh lan njajal dibukaki kacane. Nanging lagi antuk sakaca, Lilik wis krasa bosen. Mripate dadi kaya enek sing nggandul abot.

“Aaahh.....Ya wis lah”.

“O iya. Ngene wae, mesthi gampang,” batine Lilik sinambi lunga mak klepat nuju ngarepan.

Ing papan kuwi, buku Basa Jawa mau banjur diobong. Sawuse dadi awu, banjur dijumputi lan diwadhahi tatakan. Lilik banjur njupuk kendhi sing padatan kanggo adah wedang putih kulawargane. Awu buku Basa Jawa mau banjur dicemplungke sithik mbaka sithik ing njero kendhi. Bubar kuwi, kendhine dicurke ing gelas cilik.

“Srupuuuttttttt” Lilik katon seger ngombe banyu putih saka kendhi, sanajan dheweke ya semune ora kolu nalika lambene katutan awu buku.

“Muga-muga kanthi cara ngene iki, aku bisa nggarap soal testing sesuk. Dadine ora usah repot-repot sinau barang. Wong isi bukune ya wis dak ombe, genahe sesuk aku dadi mudheng kabeh soal testinge.”

Tangane Lilik kukur-kukur sirah nalika maca soal testing basa Jawa sing saiki ana ing mejane.

“Blaik. Iki soal apa ta ya? Kok aku ora mudheng blas. Aduhhhh!!!” Lilik kukur-kukur sirahe sing sakjane ora gatel.

Sasuwene mikir garapan, dumadakan keprungu swara bel banter banget pratandha wektu kanggo nggarap soal testing wis entek. Kabeh murid banjur nglarani garapane. Lan siji mbaka siji maju nggawa garapane, ditumpuk ing mejane Bu Guru.

Keri dhewe Lilik. Kuwi wae ora ana separo soale sing wis kisen garapan. Lilik pasrah marang nasib. Dheweke getun banget lan dadi sadhar. Apa sing dilakoni wingi kleru. Ngobong buku pelajaran, banjur awune diwurke banyu, banjur diombe. Genah ora bakal nyanthol ing pikiran. Genah ya ora bakal ndadekake pinter kanthi sakkal.

Tuladha crita cekak tema tinamtu

Penilaian Proses dan Hasil Belajar

No	Nama	Kejujuran	Kedisiplinan	Tg.jawab	Santun
1					
2					
3					
4					
5					

Ket :

Siswa yang jujur, disiplin, bertanggung jawab, dan bersikap santun : 1

Siswa yang tidak jujur, disiplin, bertanggung jawab, dan bersikap santun : 0

Nilai 4 = Sangat baik, 3 = baik, 2 = cukup baik, 0-1 = kurang

Penilaian Hasil

- Teknik : Tes Lisan, Produk, dan Kinerja
- Bentuk : Penugasan menulis dan membaca crita cekak
- Instrumen : Tes dan Nontes
- Kunci dan Pedoman penskoran

LEMBAR KERJA SISWA

I. Ing ngisor iki ana wangsulan sing bener, pilihan!

Rungokna pamacane cerkak iki!!

Gara-gara ora nggugu wongtuwa

Dening : Indah Kurniawati

Agus iku satemene bocah pinter lan manut marang wongtuwane. Nanging kadhang kala ya dadi ora nggugu wongtuwa amarga prakara sepele.

Kaya dina kuwi, Agus kepengin banget dolanan montor-montoran sing nganggo remot. Agus wus matur marang ibune supaya dipundhutake ing tokone Pak Wardi. Nanging ibune nyemayani sesuke amarga ing kalodhangan iku lagi ora kagungan arta.

“Sesuk Bapak lak kondur saka dhines luar. Mesthi ngasta oleh-oleh lan arta ora ketang sethithik. Ibu dak nyuwun Bapak arta kanggo numbaske Agus dolanan montor-montoran, nggih?,” ujare Ibu.

Ibu ngendikan ngono kuwi sajane kanggo mulang putra tunggale iku supaya ajar sabar. Apa-apa kang dadi panjalukane ora kudu dituruti sakkal kuwi. Sajane Ibu ya kagungan arta, nanging ya kuwi mau. Piyambake ndidik Agus supaya bisa ajar lan mudheng kahanane wongtuwane.

Biyasane Agus dikandhani pisan ngono langsung mudheng lan manut. Nanging embuh dina kuwi ana apa, Agus malah dadi rewel lan njegot. Nalika diakon maem, ora semaur, milih meneng wae. Ulate njegadul terus nganti alise sakloron arep gathuk. Rupane mbesengut lan milih neng njero kamar terus.

Ibune ngelus dhadha nyawang putra kinasihne iku. Sajane bisa wae sanalika kuwi banjur ditukokake pepenginane Agus. Nanging piye maneh. Mau wus kebacut ngendika supaya Agus ngenteni sarawuhe Bapak sesuk, lagi dipundhutake dolanan montor-montoran.

Ora suwe, seng omahe Agus pathing kemlothak ketibanan banyu udan saka langit. Agus sing maune ana njero kamar age-age metu. Saka cendhela omahe katon yen udane rada deres. Ya saka cendhela kuwi, Agus uga weruh Doni lan Joko, tanggane, padha udan-udan keceh banyu ing njaba sinambi bal-balan. Agus dadi kepengin melu dolanan ing njaba.

“Agus... boten pareng udan-udan lho nggih. Mengko mundhak masuk angin”. Ibu kayane wus pirsapa sing ana ing njero atine Agus.

Krungu ngandikane Ibune, Agus sansaya tambah mbesengut. Apa-apa ora oleh. Njaluk dolanan montor-montoran ora ditumbaske. Saiki arep nyeneng-nyenengke atine dhewe kanthi udan-udan bareng kancane, ya ora oleh.

“Ibu iki karepe piye ta”. Agus nggrundel ing batin. Dheweke amung bisa nyawang kancane mau dolanan sajak gayeng ing njaban omah. Awake padha kebes, nanging senenge ora karuwan. Saya suwe nyawang, Agus saya ora tahan. Ndilalah wae nalika ditoleh, Ibune ora katon. Sajake Ibu nembe mangsak ing pawon.

Agus age-age ucul klambi. Kathokan thok, Agus banjur mlayu metu, nggabung kanca-kancane bal-balan ing njaba sinambi udan-udan. Agus seneng banget. Atine bungah. Rasane mardika banget. Sekali-kali ora ngrungokake ature Ibune.

“Aguuuss..... piye ta Le! Dikandhani aja udan-udan kok ora manut. Ayo gek ndang mlebu omah!”. Ibune mbengoki saka njero omah. Kayane Ibu mau weruh ana klambine Agus gumlethak ing jobin, nanging Aguse dhewe ora ana.

“Riyin Buuuu...”. Semaure Agus saka kadohan.

Ibune isih sabar. Nanging udakara 10 menit dienteni, Agus tetep durung gelem leren sing udan-udan. Ibune wiwit kuwatur yen kesuwen sing udan-udan mengko Agus dadi masuk angin. Mula Ibu banjur nyigrakake payung lan marani Agus ing njaba.

“Ayo Agus. Wis leren. Gek ndang mlebu omah. Manut Ibu”.

“Riyin Bu. Sekedhap malih”.

“Ora bisa. Mengko kowe ndhak masuk angin, Ibu sing susah”. Ibu banjur nglarak tangane Agus, digeret ngarah mlebu omah. Tekan njero omah, Agus didukani Ibune amarga ora nggugu.

“Wis saiki ayo dak pakpungi, gek salin klambi sing anget. Kowe lak ya durung maem barang ta?”. Agus amung meneng wae. Dheweke ora wani nyauri apa-apa. Nanging sarampunge adus lan klamben, nalika arep didulang maem, Agus tetep wae wegah maem.

“Agus langsung bobok mawon Bu. Agus kesel”. Agus banjur mlebu kamare. Ibune amung ngunjal ambegan dhawa nyawang anake.

“Ibu...Ibuuu....” Agus dumadakan mbengoki Ibune saka njero kamar. Ibune sing nembe ing mburi age-age ninggal isah-isahane lan setengah mlayu nuju kamare Agus.

“Ana apa Le”.

“Anu Bu...awak kula mboten penak banget,” Agus sambat ngrasakake awake sing ora nggenah.

Ibune banjur ndemok bathuke. Rada panas. Tangan lan sikile diusap-usap, ya rada panas. Dene Agus turune njingkrung kemulan brukut sajak kadhemen kae.

“Wooooo..genah iki Agus masuk angin. Piye, tenan ta ngendikane Ibu mau. Ya ngene iki undur-undurane yen ora manut marang wongtuwa. Saiki lak Agus ngrasakake dhewe ta akibate?”.

“Nggih Bu. Nyuwun pangapunten Bu. Agus pancen salah, mboten manut Ibu. Boten kula baleni malih Bu”.

“Ya wis. Ayo saiki dak keroki sedhela, mengko gek maem dhisik banjur ngombe obat. Bubar kuwi mapan turu maneh,” ujare Ibu.

Kapethik saka : Jagad Sastra, SOLOPOS

1. Paraga utama cerkak ing ndhuwur yaiku
 - a. Agus
 - b. Ibu
 - c. Pak Wardi
 - d. Doni
 - e. Joko
2. Kang nyemayani arep nukokake montor-montoran yaiku ...
 - a. Agus
 - b. Ibu
 - c. Pak Wardi
 - d. Doni
 - e. Joko
3. Kang duwe sipat sabar, tresna mring putra, gatek karo anak yaiku ...
 - a. Agus
 - b. Ibu
 - c. Pak Wardi
 - d. Doni
 - e. Joko
4. Kang duwe sipat pinter, nanging ora nggugu ngendikane wong tuwa yaiku ...
 - a. Agus
 - b. Ibu
 - c. Pak Wardi
 - d. Doni
 - e. Joko
5. Ancas utawa tujuwane ibu ora nukokake montor-montoran Agus yaiku ...
 - a. dolanane Agus wis akeh
 - b. dolanane regane larang
 - c. ora duwe dhuwit
 - d. nunggu bapak
 - e. supaya Agus sabar
6. Alesane ibu ora numbasake montor-montoran Agus yaiku
 - a. ora duwe dhuwit
 - b. ngenteni bapak kondur
 - c. amarga udan
 - d. tokone adoh
 - e. sing dijuluk regane larang
7. Gegambarane Agus gela yen ora ditukokake montor-montoran kaya ing ngisor iki, kajaba
 - a. mbesengut
 - b. meneng wae
 - c. ora gelem maem
 - d. ora leren sinau
 - e. langsung mlebu kamar
8. Ana ing ngendi Agus udan-udan?
 - a. lapangan
 - b. ratan
 - c. mburi omah
 - d. prapatan
 - e. njaba ngomah
9. Apa kang ditindakake Agus sakancane nalika udan-udan?
 - a. bal-balan
 - b. jamuran
 - c. gobaksodor
 - d. nekeran
 - e. ngulukake layangan
10. Wos surasane crita iku, yaiku
 - a. Agus ora ditukokake montor-montoran
 - b. Agus nesu
 - c. Agus ora nggugu dikandhani ibu
 - d. Agus bocah pinter
 - e. Agus bocah manut

II. Essay

1. Sebutna tema, latar, penokohan, alur, pesan, sudut pandang, lan konflik sajroning cerkak iku!
2. Jlentrehna amanat/pesen kang kamot sajroning cerkak!
3. Andharna wos surasane cerkak kasebut nganggo basamu dhewe kanthi lesan! Isa nggunakake basa dhialekmu!

Mengetahui,
Kepala SMA Negeri 1 Juwana

Suhartono, S.Pd., M.Pd., M.Si.
NIP. 19630910 198703 1 009

Juwana,
Guru Mata Pelajaran

Sudewi, S.Pd.
NIP.

